

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kualitatif. Nurutkeun (Sidiq & Choiri 2019, kc. 5) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu maham kana subjek panalungtikan. Éta metode digunakeun pikeun ngungkulan jeung ngébréhkeun pasualan-pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data. Anu didésripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta kalimah paréntah, adegan pragmatis kalimah paréntah, jeung ma'na kalimah paréntah dina novél *Budak Teuneung* karya Samsodi. Ieu métode dipiharep bisa ngaréngsékeun pasualan kalimah paréntah anu aktual ku cara papasingan, analisis, sarta nafsirkeun data kalimah paréntah.

Dina ngadesain panalungtikan, tahapan awal panalungtik néangan jeung nyusun masalah dumasar pasualan anu bakal ditalungtik, saenggeus nangtukeun masalah tahapan kadua nya éta ngumpulkeun data tina objék anu ditalungtik kalayan ngagunakeun instrumén panalungtikan nya éta kartu data, tahapan katilu nya éta data anu geus kakumpul, diolah ku cara analisis unsur langsung sarta masing-masing data kalimah paréntah didésripsikeun sacara jéntré kumaha adegan kalimahna ogé ma'na pragmatisna, tahap pamungkas nya éta nyieun kacindekan tina hasil analisis panalungtikan.


3.2 Sumber Data jeung Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Budak Teuneung* karya Samsodi. Upama panalungtik ngangunakeun studi pustaka, anu jadi sumber datana nyaéta catetan atawa tulisan-tulisan. Ari data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh kalimah paréntah dina novél *Budak Teuneung* anu hususna ditilik tina wanda pragmatis, adegan, jeung wujud pragmatis kalimah paréntah. Novél ieu disusun ku Samsodi, mangrupa buku citakan ka V, Dzulhijjah 1439 H anu di cetak Agustus 2018, wedalan PT Kiblat Buku Utama, kandelna 56 kaca. Ukuran bukuna 14,5 cm x 22 cm. Eusi dina buku ieu aya 8 nyaéta jadi yatim, nandokeun baju, maradukeun, telenges, gelut, diajar maca, sasar piker, jeung katangkep.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Ieu panalungtikan dimimitian ku ngaidéntifikasi masalah saperti nangtukeun kasang tukang, rumusan masalah, sarta métode panalungtikan anu dijadikeun bahan dina ieu panalungtikan.

Sanggeus meunangkeun sababaraha masalah, tuluy ngumpulkeun data. Dina ieu panalungtikan tehnik anu dipaké nyaéta tehnik talaah pustaka. Sanggeus data ka kumpul tuluy dianalisis maké ulikan pragmatik. Dina pragmatik anu ditalungtik nyaéta ngeunaan wanda kalimah pragmatik, adegan kalimah, jeung ma'na kalimah. Sangkan leuwih jentre deui bisa dititénan dina bagan ieu.



Bagan 3.3 Prosedur Panalungtikan

3.4 Téknik Ngumpulkeun Data

Teknik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tehnik studi pustaka. Tehnik studi pustaka nyaéta kagiatan panalungtikan anu dilakukeun ku cara ngumpulkeun informasi jeung data panalungtikan tina buku referensi, atawa tina hasil panalungtikan samemehna saperti artikel, catetan, sarta rupa-rupa jurnal anu aya patalina jeung pasualan dina panalungtikan (Sari & Asmendri, 2020, kc. 44). Léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun dina ngumpulkeun data panalungtikan, nyaéta saperti ieu di handap.

- a. Maca sakabéh novél *Budak Teuneung*.
- b. Nyirian kalimah-kalimah paréntah anu aya dina novél *Budak Teuneung*.
- c. Nyalin kalimah-kalimah paréntah anu aya dina novél *Budak Teuneung* kana kartu data.
- d. Nyusun data kalimah paréntah sacara alfabétis.

3.5 Instrumen Panalungtikan

Instrumen mangrupa alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data, ngolah, jeung ngainterprétasi sagala informasi anu ditarima. Instrumen anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a. Kartu data

Kode Data: BT/16.29 – 30		
Pék geura laan bajuna!		
Identifikasi Data	Adegan Struktur	J + C
	Pragmatis	1.1
		2.2

Keterangan:

- BT : Judul buku novel nyaeta *Budak Teuneung*
 16.29- 30 : Paguneman aya dina kaca 16, kalimah ka-29 nepi ka-30
 J+C : Adegan pola dina kalimah diluhur
 1.1 : Wanda Pragmatis kalimah parentah omongan langsung
 2.2 : Wujud Pragmatis kalimah parentah panitah

Dumasar kana kartu data, disusun data saperti ieu dihandap.

No.	Kode Data	Data
1.	BT/1.1/2.2/16.29-30	Pék geura laan bajuna!

3.6 Téknik Ngolah Data

Téhnik anu dipaké pikeun analisis data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis unsur sacara langsung. Téhnik analisis unsur langsung dipaké lantaran sumber data panalungtikan mangrupa data tinulis, udaganana pikeun ngolah data anu patali jeung déskripsi unsur pragmatik kalimah paréntah dina novél *Budak Teuneung* karya Samsodi.

Téhnik ngolah jeung nganalisis anu dipaké dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha tahapan anu ditetelakeun di handap:

- a. Mariksa deui sakabeh data kalimah paréntah anu geus disusun sacara alfabétis.
- b. Nangtukeun papasingan kalimah paréntah.
- c. Nganalisis data tina papasingan kalimah paréntah.
- d. Ngitung persentase papasingan kalimah paréntah